

# Pawòl ko-edite yo

Dominique Boisson et Claude Prépetit

Ayiti anba menas tranblemanntè. Jodi a, se pawòl sa a ki nan bouch tout moun, se yon verite pou tout sitwayen ayisyen. Ayisyen konnen sa byen, apre li fin pase anba katastwòf 12 janvye 2010 la, kote genyen yon bann ak yon pakèt moun ki pèdi lavi yo, kote yo wè yon bann dega nan yon ti tan tou kout, distans yon batman je, tankou Jacques Stéphen Alexis ta di. Epi poutan, menas tranblemanntè a te toujou ekziste an Ayiti. Men sepandan, jenerasyon moun kounye a yo inyore konplètman menas tranblemanntè ki toujou la, epi yo pa genyen okenn souvni katastwòf ki te pase yo.

Nan 17<sup>e</sup> syèk la, nan yon ti kras tan apre fondasyon Pòtoprens, te genyen yon tranblemanntè ki te pase Pòtoprens, ki te touye anpil moun. Se vre, vil la te fèk bati, li pa te geyen plis moun pase sa, epi sèl sa nou konnen sou dega tranblemanntè sa a se nan tèks Moreau de Saint Méry yo nou jwenn yo. Nan apre, genyen lòt sekous ki pase tanto nan sid ak Pòtoprens, tanto genyen nan nò, kote, 7 me 1842, yon gwo tonton tranblemanntè ki te makònen kò li ak yon sounami (tsunami) te frape kòt nò Ayiti a avèk anpil fòs.

Ris tranblemanntè klasikman se miltiplikasyon aza ak frajilite. Nan yon peyi tankou peyi pa nou an, rezilta miltiplikasyon sa a tounen yon dram. Gen kote, ki gen tranblemanntè ki pase souvan san atann sou planèt la ki pa fè twòp dega ak lanmò, an Ayiti menm, se pa pakèt moun viktim epitou dega materyèl menm koute lajan nou pa ka konte. Kantite moun ki fèt san rete, kantite kay ki frajil epi ki bati nan move plas, kalite edikasyon moun yo ki manke, tout bagay sa yo vin ogmante ris menas yo. Se pa yon aza si yon ti mwayenn tranblemanntè tounen yon gwo katastwòf nan kondisyon sa yo. Pa konsekan, se gwo sekous ki te reveye moun nan peyi Bondye Bon an. Epitou sa nou tandè a, malgre gwo kout rèl espesyalis yo te fè plizyè fwa, ki te anonse sekous la pral vini. Pèsonn pa te panse ak sa vre. Okenn moun pa te vrèman pran menas la oserye. Men depi evènman an fin pase, depi nou fin antere kadav yo, depi nou fin panse moun ki blese yo, lavi kontinye epi nou bliye tout bagay nèt.

Jodi a, dis lane apre, ki sa ki rete? Ki leson nou tire nan sa? Ki sa nou konnen an plis sou menas lanmò san atann sa a, ki pandye sou tèt nou an, epi ki dispozisyon nou dwe pran pou nou fè fas kare ak menas sa a ki toujou kontinye pandye sou tèt nou an? Nan nimewo espesyal revyi Ayiti pèspektiv (*Haiti Perspectives*) la, nou chwazi bay aktè enpòtan nan pwoblèm sa a lapawòl pou yo fè bilan dènye dis lane ki sot pase a sou differan pwennvi konesans sou pwobabilite tranblemanntè, konesans prevansyon katastwòf, konesans kad enstitisyonèl ak kad legal, konesans edikasyon nouèl jenerasyon yo, eks. Kon sa, revyi a gen kat atik ki kouvri preske tout aspè sa yo.

Pwofesè **Éric Calais**, ki konn zafè pwobabilite sekous tranblemanntè fè an Ayiti ansanm ak politik yo mete chita apre 2010 la, ban nou yon refleksyon pèsonèl sou istwa tranblemanntè an Ayiti anvan, pandan epi apre 2010 la. Li mennen nou nan fon kè istwa a avèk pwogrè ki fèt, ezitasyon, echèk ak siksè ki fèt nan mete kanpe konesans syantifik nan yon peyi kote bagay kon sa pa te janmen yon priyorite.

Enjenyè **Claude Prépetit** se yon referans ki pa ka pa la lè nou ap pale sou zafè ris sekous tranblemanntè an Ayiti. Anplis pakèt konesans li gen sou sijè a, li se gwo aktè enpòtan tou ki pote bon jan repons kle sou koze pwoblèm sa a sou plan enstitisyonèl, sou plan nòmatif ak sou plan teknik. Se sou konesans ak esperyans sa yo li baze pou li pwopoze nou yon bilan aksyon dis dènye ane yo sou fòm yon kesyon senp ki konsène nou tout: *Devan menas tranblemanntè, kounye a, èske nou santi nou pi fò pase anvan?*

Atik enjenyè **Bétonus Pierre** la konplete atik pa Claude Prépetit a. Reyèleman vre, enjenyè Pierre genyen yon gwo karyè dèye do li nan sektè piblik tankou nan sektè entènasyonal. Nan atik li a, ki rele Dis lane apre tranblemanntè 2010 la, ki zouti yo mete anplas pou yo kapab konsidere ris tranblemanntè an Ayiti pi byen? Li presize diferan kalite mekanis jesyon ris natirèl yo mete kanpe anvan ak apre tranblemanntè janvye 2010 la.

Pou fini, pwofesè **Bérenguer**, chèf pwojè *réseau sismologique éducatif français de sismologie « SISMOS à l'école »*, pale ak nou sou pwojè sa a ki genyen Ayiti ladan byen lontan anvan tranblemanntè 2010 la. Atik li a ki rele: Dis lane edikasyon sou menas sekous an Ayiti (*Dix années d'éducation au risque sismique en Haïti*) lonje dwèt sou patenarya ki makònen ant *Laboratoire Géoazur de l'Université de Nice*, responsab pwojè a an France, epi *collège Catts Pressoir*, lidè nan edikasyon sou ris tranblemanntè an Ayiti. Pwofesè Bérenguer montre nou kouman enplantasyon sismomèt nan lekòl yo kapab fè elèv yo konprann pi byen ris tranblemanntè a epi, pa konsekan, li kapab sèvi prevansyon pou tèt yo.

Nimewo espesyal sa a sou ris tranblemanntè nou pwopoze nou an pa rive kouvri tout sijè a nèt. Konsidere li sèlman kòm yon ti kontribisyon nan refleksyon ak tout kalite aksyon ki pase dis lane apre sekous 12 janvye 2010 la. Nou ta renmen rive di: « Sera seta! » epi pou nou ta abòde lòt dis lane ki pral vini yo avèk plis konfyans, men reyèlman a se yon lòt koze epi chemen an long toujou anvan pou pèp ayisyen an kapab reyèlman rive pare pou li fè fas kare ak menas tranblemanntè ki toujou la devan je li. ■

**Dominique Boisson** se enjeye sivil nan *Faculté des Sciences de l'Université d'État d'Haïti* (1979) epi doktè an *géologie structurale de l'Université Pierre et Marie Curie de Paris* (1987). Soti 1983 à 1996, li te fonksyonè nan Bureau des mines et de l'énergie anvan li ale nan sektè prive esplwatasyon mineral. Dominique Boisson se pwofesè Géologie nan *Faculté des Sciences de l'Université d'Haïti* depi 1982 epi li ap kowòdone kounye a *Unité de Recherche en Géosciences* nan fakilte sa a. [dmboisson@yahoo.com](mailto:dmboisson@yahoo.com)

**Claude Prépetit** te pran diplòm jeni sivil li ak yon lisans an jewoloji aplike nan rechèch min, nan *Faculté des sciences de l'Université d'État d'Haïti*, Li te kontine etid siperyè li an jeni jewoloji nan *l'École Nationale Supérieure des Mines de Paris* nan *Centre de géologie de l'ingénieur*, kote li pran diplòm jewològ li. Soti 1976 rive jodi a, enjenyè Claude Prépetit te okipe plizyè fonksyon nan administrasyon piblik ayisyen an epi li tounen yon gwo espè nan domèn jewoloji aplike. Kounye a, li se direktè jeneral *Bureau des mines et de l'énergie*. [claudeprepetit@hotmail.com](mailto:claudeprepetit@hotmail.com)

LES ÉDITIONS de la  
PEDAGOGIE  
NOUVELLE S.A.

L'ÉDITION EN DE BONNES MAINS

WWW.FACEBOOK.COM/EPN/HT /  
HTTPS://TWITTER.COM/EPNINFO  
HTTPS://WWW.INSTAGRAM.COM/EPN\_S.A /  
WWW.EPN.HT

ÉDUCATION À LA CITOYENNETÉ

SCIENCE DE LA VIE & DE LA TERRE

LA VIBRON ET SES MÉCANISMES

FRÈRES 28, RUE LA PÉPINIÈRE # 1  
TELS: (509) 3497-9717 / 2209-8221  
E-MAIL: ADMINISTRATION@EPN.HT  
WEBSITE: WWW.EPN.HT